

**Depatman Lojman ak Devlopman Kominote / Department of Housing and Community
Development (DHCD)**

**Divizyon Estabilizasyon Lojman / Division of Housing Stabilization (DHS)
Pwogram Asistans Pou Ijans / Emergency Assistance (EA) Program**

Règ Pwogram Lojman Pou Tout Moun

Nou dwe kòmanse mete règ yo an aplikasyon 2 janvye 2015. Lojman yo sipoze afiche kopi Règ Pou Tout Moun sa yo ak dat yo sipoze kòmanse mete yo an aplikasyon. **Règ sa yo pou ni lojman anpil moun rete ansanm ak sit ki epapiye, ak otèl yo plase moun, amwenske yon lòt bagay note.**¹ N ap konsidere yon sèl ensidan tankou yon enfraksyon de (2) oswa plis Règ Lojman Pou Tout Moun nan, oswa youn oswa plis Règ Lojman Pou Tout Moun ak yon vyolasyon plan relojman sou lwa 760 CMR 67.06 (5) (a) 3. oswa yon menas sante ak sekirite sou lwa 760 CMR 67.06 (5) (a) 3. ou 760 CMR 67.06(6)(a)1, ap konte pou yon sèl enfraksyon.²

Prensip Ki Dirije Nou

- Trete fanmi yo ak konpasyon avèk diyite, tankou bay yon sèten vi prive
- Sante ak sekirite vizitè, anplwaye ak kominote
- Prezève otonomi fanmi ak ankouraje yo viv yon fason endepandan

¹ Tanpri note, amwenske nou di yon lòt bagay, chak fwa nou mansyone lojman ak anplwaye lojman nan Règ Pou Tout Moun sa yo, sa reprezante anplwaye DHCD oswa reprezantan yo nan otèl yo plase moun yo. Menm jan nou itilize mo sayo nan Règ Pwogram Lojman Pou Tout Moun nan, “otèl” se otèl, motèl, ak “lojman,” si nou bay plis definisyon, siyifi lojman kote anpil moun rete ansanm oswa sit ki epapiye. Chak fwa nou mansyone Direktè Adjwen an oswa yon Asistan Direktè li ap Direktè Adjwen ak Asistan Direktè DHS.

² Si yon grenn ensidan kalifye kòm ni yon vyolasyon Règ Lojman Pou Tout Moun ak yon menas pou sante ak sekirite sou 760 CMR 67.06 (5) (a) 5. ou 760 CMR 67.06(a)1., lojman oswa otèl la dwe tcheke tou de vyolasyon yo sou Demann Pou Non-konfòmite bay DHCD. Nan ka sa yo, DHCD ap konsidere nenpòt defans pou bagay ki tou piti oswa bon kòz konsènan Règ Lojman Pou Tout Moun lè li konsidere si ensidan an te yon menas pou sante ak sekirite. Si yon grenn ensidan kalifye kòm ni yon vyolasyon Règ Lojman Pou Tout Moun ak yon vyolasyon plan relojman sou 760 CMR 67.06 (5) (a) 3., lojman oswa otèl la dwe tcheke tou de vyolasyon yo sou Demann Pou Non-konfòmite bay DHCD. Nan ka sa a, si vyolasyon an genyen pwoblèm pou abòde nan Règ sou Kondisyon DHCD yo, tankou obligasyon pou pale nan rankont ki pwograme, nou dwe itilize dispozisyon Règ la pou vyolasyon Règ y ap akize a. Si yon grenn ensidan kapab kalifye kòm ni yon vyolasyon Règ Lojman Pou Tout Moun oswa yon menas pou sante ak sekirite selon 760 CMR 67.06(5)(a)5. oswa 760 CMR 67.06(6)(a)1 lojman ak otèl la dwe tcheke tou de vyolasyon sou Avi Non-konfòmite a bay DHCD epi DHCD dwe bay patisipan an yon opòtinite pou reponn avan yo bay Avi Non-Konfòmite a epi yo dwe konsidere nenpòt defans pou bon kòz oswa bagay ki tou piti nan nenpòt règ ki apwopriye.

- Jere lojman ak administre pwogram nan byen

Dwa Pou Antre Nan Chanm/Fouye

Yo kapab tcheke chanm ak/ou apatman nan lojman pou rete ansanm, lojman sit ki epapiye, ak otèl pou pwòpte ak danje pou sante oswa sekirite ak yon pre-avi ekri omwen 24 èdtan oswa regilyèman, depi yo bay Fwaye EA a pre-avi sou orè regilye sa a omwen 24 èdtan avan premye enspeksyon regilye a epi enspeksyon regilye yo pwograme avan 8è diswa. Pre-avi enspeksyon yo dwe genyen yon peryòd pi pa plis 3 èdtan pandan nenpòt enspeksyon ap fèt. An plis, anplwaye yo genyen aksè touswit 24 sou 24 san yo pa bezwen bay pre-avi ekri avan nan tout chanm kay EA, ansanm ak chanm otèl yo ladan, (1) an ka ta genyen yon ijans; epi (2) pou ajans gouvènman ki responsab pou mete an aplikasyon kòd restriksyon, kòd asenisman, kòd dife, oswa kòd sante fè enspeksyon. Ijans ap genyen ladan yo ijans sante ak ijans ki genyen rapò ak lojman an tankou dife, dlo k ap koule, bèt tankou rat oswa ravèt, ak plis toujou.

Chanm kay EA yo, ansanm chanm otèl yo ladan, dwe disponib apre pre-avi ekri 24 èdtan pou antretyen woutin nan yon peryòd 3 èdtan lè ki nan pre-avi a, oswa nenpòt lòt lè nou menm ak patisipan an dakò. Nan otèl yo, chanm yo dwe disponib chak jou anplwaye k ap fè menaj regilyèman yo vin netwaye pandan lè ki te pwograme davans nan yon peryòd 3 èdtan ki ekri davans bay patisipan EA yo ki rete nan otèl la epi li disponib nan resepsyon otèl la, oswa nenpòt lòt lè yo dakò ak patisipan an, sòf pou nan ka kote te genyen aranjman pou yon Fwaye EA netwaye pwòp chanm li akòz andikap epi, nan ka sa a, chanm nan dwa disponib apre pre-avi ekri 24 èdtan pou enspeksyon pou pwòpte. Ou kapab refize yo netwaye chanm ou si ou malad, men ou pa ka fè sa pandan twa jou youn apre lòt.

An plis, anplwaye lojman, anplwaye otèl, anplwaye DHCD, ak anplwaye ajans ki genyen kontra DHCD ak lòt ajans eta k ap travay ak DHCD dwe genyen aksè nan tout chanm kay lojman yo ak chanm otèl yo mete patisipan ladan, nan tout ka kote (1) yo genyen yon bon rezon pou sispèk yon manm yon fwaye EA ap komèt yon krim; ap fimen, ap fè manje ak yon aparèy ki pa otorize, oswa ap resevwa vizitè ki pa otorize; oswa ap fè yon bagay ki nwi lapè lòt patisipan EA oswa kliyan otèl oswa yon menas pou sante oswa sekirite patisipan an, manm fwaye li, lòt patisipan EA nan lojman oswa otèl la, rezidan sit batiman kote ki genyen chanm epapiye yo, oswa kliyan/anplwaye lojman oswa otèl, anplwaye DHCD, oswa anplwaye ajans ki genyen kontra ak DHCD ak lòt ajans eta k ap travay ak DHCD, epi (2) yo pa ka jis vizit chanm nan epi frape pòt la oswa mande ou pale deyò pou rezoud pwoblèm nan.

Nan tout ka kote yo bay aksè, tankou aksè yo bay touswit ak aksè regilye pou fè menaj, anplwaye lojman, anplwaye otèl, anplwaye DHCD, ak anplwaye ajans ki genyen kontra ak DHCD oswa lòt ajans eta oswa lokal k ap travay ak DHCD yo dwe frape pòt antre a, anonse yo bezwen antre, epi bay rezidan an yon chans pou vin ofri pòt la avan yo antre. Sòf pou lè règ sa a otorize pou antre touswit, anplwaye lojman, anplwaye otèl, anplwaye DHCD, ak anplwaye ajans ki genyen kontra ak DHCD oswa lòt ajans eta k ap travay ak DHCD ap kapab antre nan chanm nan sèlman apre yo bay pre-avi ekri 24 èdtan pou vizit yo bezwen fè a nan yon peryòd 3 èdtan.

Nenpòt pòt nan yon chanm otèl oswa lojman, ak pòt pandri yo ladan, kapab ouvri pandan enspeksyon

woutin ak ijan. Yo pa kapab deranje pwopriyete pèsònèl ki nan pandri ak anndan tiwa, sop pou sa règ sa a pèmèt, epi yo dwe kite yo an òd apre nenpòt enspeksyon ki otorize. Yo kapab enspekte pwopriyete pèsònèl moun ki nan pandri ak anndan tiwa, men sèlman si genyen yon bon rezon pou sispèk genyen yon aktivite kriminèl, dwòg/alkòl règ sa a entèdi, oswa y ap itilize chofaj oswa aparèy pou fè manje ki entèdi. Yo p ap kapab itilize prèv yo te jwenn san yo pa te bay manm Fwaye EA a yon rezon ekri pou fouye tiwa yo avan yo te kòmanse fouye a nan yon jijman DHCD non-konfòmite oswa pou retire patisipan an. Si pou yo fouye nan tiwa paske yon gen yon bon rezon pou sispèk yon bagay ki pa sa epi yon manm Fwaye EA la, yo dwe bay manm Fwaye a rezon ekri a avan yo kòmanse fouye a. Si pa genyen okenn manm Fwaye EA la pandan yo ap fouye, y ap kite rezon ekri a nan chanm nan.

So pou limit ki nan règ sa a, anplwaye yo pa genyen dwa pou fouye pwopriyete pèsònèl fwaye EA yo. Men, anplwaye lojman yo kapab rele lapolis ak pwòp jijman yo si yo genyen yon bon rezon pou sispèk yon manm yon Fwaye EA oswa yon vizitè ap patisipe nan aktivite kriminèl, genyen zam yon zam sou pwopriyete a, oswa yon menas pou sante ak sekirite rezidan lojman oswa anplwaye yo yon lòt fason. Nan sikonstans ki pi wo a, lè anplwaye lojman an detèmine genyen yon menas sou sante oswa sekirite rezidan oswa anplwaye yo, oswa gen anpil posiblite pou detwi prèv la, yon responsab lojman an ki sou pwopriyete a nan moman an kapab fouye chanm nan li menm, depi li kapab fè sa yon fason konsistan ak enkyetid pou sekirite a, oswa li kapab bay lapolis konsantman pou fouye nenpòt chanm. Responsab lojman an kapab bay lapolis konsantman ou fouye yon chanm lè moun sa a genyen yon bon rezon pou sispèk si yo fouye chanm nan y ap jwenn nenpòt bagay (1) ki genyen anpil chans pou yon gwo danje oswa yo kapab itilize li pou komèt krim (tankou zam ak lòt bagay), epi (2) anplwaye pa kapab genyen nan men yo legalman. Nan nenpòt ki sikonstans ki detaye pi wo a, lè yon anplwaye lojman rele lapolis, yo kapab pa kite manm Fwaye EA a antre nan chanm nan avan lapolis rive epi, apre lapolis rive, nan limit lapolis mande sa.

Gade Timoun/Gadri

Règ sa a se pou lè y ap gade timoun sou sit la oswa gadri nan lojman an. Règ sa a pa gen pou wè ak lè yo gade timoun deyò lojman an oswa gadri ki deyò lojman an, epi nou pèmèt sa depi li respekte plan rejman yon Fwaye EA.

Nan de (2) jou apre plasman, chak Fwaye EA ap resevwa yon kopi fòm pou mande gade timoun.

Yon adilt oswa timoun ki genyen 16 an oswa plis epi, nan yon otèl, se yon rezidan menm otèl la, genyen pèmasyon ak otorizasyon oswa on kòz jan li detèmine nan 760 CMR 67.06(6)(a)5 pou gade timoun ki nan yon lòt Fwaye EA.

Yon timoun 14 an oswa plis kapab okipe tèt li oswa yon timoun nan menm fwaye EA a ki pi piti ak otorizasyon oswa bon kòz jan li detèmine nan 760 CMR 67.06(6)(a)5. Si moun k ap gade timoun nan (oswa timoun ki gen otorizasyon pou okipe tèt li a) poko genyen 16 an, se nan chanm yo mete Fwaye EA li sipoze gade timoun nan oswa okipe tèt li oswa lè li akonpanye ti frè oswa sè pou ale ak tounen yon kote pou pran/depoze yo pou transpòtasyon pou ale lekòl, aktivite lekòl, randevou kay doktè, vizit kay fanmi ki otorize, oswa lòt randevou ki genyen rapò ak sante, sekirite, oswa byenèt. Si yon moun k ap gade timoun oswa yon timoun k ap okipe tèt li poko genyen 18 an, yon adilt ki fè pati fwaye timoun y ap okipe a oswa li timoun k ap okipe tèt li a dwe (i) sou pwopriyete a epi yon distans kote li kapab

tande vwa timoun nan oswa (ii) moun k ap gade timoun yo oswa timoun yo kapab kontakte li pa telefòn epi l ap ka retounen byen vit an ka ta genyen yon ijans.

Aranjman kapab otorize swa pou yon sèl okasyon oswa pou gade timoun nan regilyèman/alontèm. Nou pa pèmèt pou gade timoun nan pandan lanwit pou demen maten amwenske li otorize pou rezon ki pèmèt pou retounen nan lojman an apre lè limit la oswa pou yon bon rezon jan li detèmine nan 760 CMR 67.06 (6) (a) 5.

Nan yon lojman, moun k ap gade timoun nan dwa (i) genyen otorizasyon anplwaye lojman an epi (ii) respekte Règ Jeneral Pou Moun k ap Gade Timoun DHCD, ki genyen yon kontra pou gade timoun ekri sou yon fòm estanda DHCD pou moun ki antèt Fwaye EA a, moun k ap gade timoun nan, ak anplwaye lojman an siyen.

Nan otèl yo, fanmi yo kapab ranpli fòm pou mande gade timoun nan resepsyon otèl la epi otèl la ap voye fòmasyon pa faks touswit bay reprezantan Direktè Adjwen ki apwopriye a (epi bay fwaye EA a verifikasyon li te fè sa) ki genyen pou otorize aranjman pou gade timoun / gadri nan plas anplwaye lojman an. Tout patisipan kapab jwenn enfòmasyon sou kiyès ki reprezantan Direktè Adjwen an ak jan pou kontakte li nan resepsyon chak otèl. Reprezantan Direktè Adjwen an dwe reponn yon demann yon patisipan ki nan yon otèl pou pèmisyon pou yon moun gade pitit li nan de jou travay apre demann nan. Si li pa resevwa yon repons avan de jou travay oswa avan lè li bezwen pou gade timoun nan si bezwen an te vini nan pi piti pase de jou travay lè ki pwopoze pou gade timoun nan, yo kapab gade timoun nan pandan y ap tann yon repons, men yon demann ki fèt ak pi piti pase de jou pre-avi dwe genyen bon rezon ki fè li pa te mande pou gade timoun nan omwen de jou avan epi yo kapab refize demann nan nan de jou apre li te fè demann nan. Nou gendwa refize bay pèmisyon pou patisipan ki kite moun nan gade timoun yo san otorizasyon davans kote nou okouran aranjman. Lè n ap konsidere demann pou gade timoun, apre nou fin revize ka yo, nou p ap refize bay pèmisyon san nou ba bay bon rezon an. Patisipan nan yon otèl dwe itilize yon moun ki se yon patisipan EA tou epi ki rete nan menm otèl ak Fwaye EA l ap gade pitit li a. Reprezantan Direktè Adjwen an oswa anplwaye lojman an kapab refize bay pèmisyon pou gade yon timoun pou bon rezon, pandan y ap konsidere bezwen Fwaye Ea a, jan reprezantan Direktè a anplwaye lojman an detèmine, tankou sante, sekirite, byenèt, ak sipèvizyon apwopriye timoun yo, ak si yo te konn nwi lòt Fwaye EA. Desizyon reprezantan Direktè Adjwen an oswa anplwaye lojman an kapab baze sou si moun nan pa konn respekte règle yo avan. Nan nenpòt kontestasyon pou yon non-konfòmite oswa retire yon patisipan nan pwogram nan paske li te itilize moun pou gade timoun oswa gadri ki pa te otorize, si DHCD pa otorize demann pou gade timoun oswa gadri a yo kapab revize sa pou rezon ki nan M.G.L. c. 30A, § 14 (7), ki gen ladan abi diskresyon ak plis toujou.

So pou nan ka bon kòz, jan li detèmine an akò ak estanda bon kòz nan 760 CMR 67.06(6)(a)5, nou bay pèmisyon pou gade timoun sèlman an akò ak Règ sa a ak pou tan li otorize a. Lè li ap detèmine si genyen bon kòz jan li detèmine nan 760 CMR 67.06(6)(a)5, DHCD ap konsidere tout sikonstans tankou laj timoun nan (yo) ak kantite tan yo te gade timoun lè li pa te otorize a, kantite tan yo te gade timoun nan apre tan ki te otorize a, ak degree sa te menase oswa afekte sante, sekirite, ak byenèt timoun nan (yo) paske yo te gade yo san pèmisyon. Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Yo moun ki genyen pèmasyon pou gade yon timoun dwe respekte tout règle pwogram nan ak règle Pwogram Lojman Pou Tout moun ak règle otèl DHCD etabli pandan li ap okipe timoun nan (yo). Moun k ap gade timoun nan kapab genyen disiplin EA menm jan yo te ka discipline paran timoun si yo pa te veye oswa pwoteje sante ak sekirite timoun nan (yo) kòm sadwa.

Nenpòt aranjman pou gade timoun dwe respekte Règ Sou Delè la, sòf pou yo te bay otorizasyon oswa pou bon kòz sou estanda nan 760 CMR 67.06 (6) (a) 5. Yo kapab otorize absans nan sikonstans ki dekri nan Règ Sou Delè ki apwopriye lè paran yon timoun gen otorizasyon pou retounen apre delè a, oswa bon kòz ki dekri pi wo a, yon moun pa dwe gade yon timoun apre delè a oswa van 6è dimaten. Amwenske li plede fè li, yon vyolasyon yon Règ ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan. Nou dwe mande pèmasyon espesyal pou gade yon timoun apre delè a oswa avan 6è dimaten sou Kontra Pou Gade Timoun fòm estanda DHCD ki mande poukisa li nesèsè pou gade timoun apre delè oswa avan 6è dimaten an.

Swen Timoun

Adilt ki fè pati Fwaye Ea a ak nenpòt paran adolesan yon timoun nan Fwaye EA a responsab pou sante, sekirite, ak byenèt nenpòt timoun nan chanm EA a (pa egzanp, respekte règle pou li ale lekòl, asire timoun nan manje ak repoze byen). Responsablite sa a pa chanje menm si yon Fwaye EA pa sou sit la, pa egzanp, dòmi yon lòt kote ak pèmasyon, oswa paske Fwaye EA a respekte lòt règle lojman, tankou delè pou antre lakay la. Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Timoun Yo Kite San Sipèvizyon

Atansyon: Depatman konsidere yon timoun poukont li epi li san sipèvizyon si, menm si se pou yon ti moman, adilt k ap okipe timoun nan oswa moun ki genyen pèmasyon pou gade li a pa kapab wè, tande, oswa genyen kontwòl li byen vit.

Nou pa sipoze kite timoun ki nan fwaye EA yo poukont yo oswa san sipèvizyon nan pwopriyete lojman oswa otèl la, sòf si yo genyen otorizasyon pou okipe tèt ou sou Règ Pou Gade Timoun nan, oswa ap vizite yon kote tout moun frekante nan limit Règ Pou Vizitè/Kliyan an pèmèt, oswa li jistifye ak yon bon kòz jan li detèmine nan estanda 760 CMR 67.06(6)(a)5. Yon timoun ki genyen pèmasyon pou okipe tèt li dwe kouvri sou Règ Pou Gade Timoun/Gadri a. Nan konsiderasyon rezon pou bon kòz yon patisipan bay pou kite yon timoun san sipèvizyon, DHCD ap konsidere tout sikonstans tankou laj timoun nan (yo) ak kantite tan yo te kite li (yo) san sipèvizyon. Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Delè Pou Rantre

Fwaye EA a dwe respekte nenpòt delè yo bay li pou rantre nan lojman oswa otèl la. Nan ka sa a delè

pou rantre sou pwopriyete a pa sipoze avan 9è diswa pandan lasemèn (dimanch-jedi swa) ak 11è diswa nan fen semèn (vandredi & samdi sa) epi li pa dwe pi ta pase 11è diswa (dimanch - jedi swa) ak 1è dimaten (vandredi & samdi swa). Lojman yo pa oblije modifiye pwogram yo oswa lè pou mande pou delè pou rantre nan lojman an.

Yon lojman oswa otèl gendwa enpoze yon lè pou ba genyen bri kòmanse pa plis pase inèdtan avan delè pou rantre a. Yon lojman oswa otèl gendwa enpoze yon delè pou fwaye manm fwaye EA yo rantre nan chanm yo epi rete la, pou kòmanse inèdtan apre delè pou rantre sou pwopriyete a. Eksepsyon pou delè pou rantre nan chanm nan kapab fèt pou bezwen sante, sekirite, ak byenèt ki rezonab, si patisipan EA a bay yon bon rezon ba anplwaye lojman oswa otèl la pou regle bezwen sa yo apre delè pou rantre nan chanm nan, ki dwe genyen retounen sot travay oswa lekòl an reta.

Delè pou rantre nan chanm nan pa dwe fini pi ta pase 6è dimaten.

Nou kapab modifiye nenpòt delè ka pa ka pou orè travay ak lekòl Fwaye EA, pou lòt obligasyon plan relojman, ak pou akomode andikap oswa bon kòz jan li detèmine nan 760 CMR 67.06(6)(a)5.

Yon anplwaye lojman oswa otèl oswa reprezantan Direktè adjwen an kapab bay pèmision pou eksepsyon espesyal egzijans delè pou rantre selon ka pa ka, sèlman pou bon kòz, tankou aktivite espò lekòl, legliz, randevou kay doktè, ak aktivite kominotè oswa lòt bon rezon tankou sa yo.

Ou kapab fè yon demann pou modifiye yon delè pou rantre nan lojman an swa ak anplwaye lojman an oswa reprezantan Direktè Adjwen an, epi ou enfòmasyon pou kontakte li dwe disponib nan chak lojman ak otèl. Si ou fè yon demann pou modifiye yon delè de jou travay avan dat ou bezwen fè modifikasyon an, nou kapab konsidere demann nan otorize amwenske yo di yo refize li.

Menm si moun ki fè pati yon Fwaye EA respekte delè pou rantre yo sa pa vle di li pa genyen responsablite pou fè travay li nan lojman an ak pou okipe sante, sekirite, ak byenèt timoun ki nan Fwaye EA a.

Si ou rive apre delè pou rantre a epi ou pa genyen pèmision pou rive an reta, ou kapab jistifye sa ak bon kòz jan li detèmine sou estanda bon kòz nan 760 CMR 67.06(6)(a)5. Nan konsiderasyon rezon pou bon kòz yon patisipan bay pou rive an reta pou yon delè, DHCD ap konsidere tout sikonstans, tankou kantite fwa li te anreta deja, nenpòt pwa li te fè konnen li rive an reta pou montre li responsab, ak konsekans reta a te kapab genyen sou sante, sekirite, ak byenèt timoun nan (yo). Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè ak kote, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Domaje Pwopriyete ak Depans

Moun ki fè pati Fwaye EA yo pa gen dwa domaje pwopriyete lojman oswa otèl oswa pran pwopriyete lojman oswa otèl, si se pa yon pwopriyete yo sipoze itilize, san bon kòz jan li detèmine an akò ak 760 CMR 67.06 (6) (a) 5. Si yon bagay vin ize paske yo itilize li anpil nou pa konsidere sa yon domaj. Amwenske yon moun domaje pwopriyete a espere, ak neglijan, oswa li plede fè li, n ap kenbe non-konfòmite pou yon Fwaye EA ki respekte yon plan peman rezonab pou remèt lajan pou ranplasman

oswa reparasyon nan yon ane jiskaske li fin peye tout ajan an, depi li fè tout peman yo alè. Si yo peye tout lajan an atan an akò ak plan peman an, y ap efase non-konfòmite a.

Fwaye EA a dwe peye tout depans pou bagay an plis ki disponib epi ki pa nan avantaj estanda pou lojman ak otèl la. Sa kapab genyen ladan kout fil nan telefòn lojman oswa otèl la oswa lwe fim. Yo p ap fè rezidan EA yo peye pou kout fil oswa lòt depans nan yon otèl si yon kliyan ki peye pa bezwen peye pou sèvis sa yo. Lojman ak otèl la ap ekri Fwaye EA a davans pou fè li konnen ki aktivite k ap koute lajan. Otèl ak lojman yo ap kite yon Fwaye EA ki pa genyen yon telefòn selilè itilize telefòn biwo a oswa lòt telefòn ki genyen pou fè kout fil nan ka ijans oswa lòt sikonstans, tankou pou kontakte yon travayè relojman oswa pou mande pèmasyon pou dòmi deyò oswa pou moun gade timoun yo.

Si pa genyen yon bon kòz jan li etabli nan 760 CMR 67.06(6)(a) 5., Fwaye EA a dwe peye pou nenpòt pwopriyete lojman oswa otèl ki pèdi nan yon cham akòz konpòtman Fwaye EA a oswa nenpòt bagay manm yon Fwaye EA oswa vizitè li domaje epi se pa jis li ize paske yo itilize li anpil. Sa kapab genyen ladan depans anplis pou netwaye si yo kite yon chanm sal anpil. Peman an dwe fèt nan yon lè rezonab apre yo voye bòdwo bay Fwaye EA a pou depans sa yo, men yo dwe konsidere lajan Fwaye a genyen ak depans li nan plan pou remèt lajan an epi yo dwe mete li nan plan relojman adilt yo ki fè pati Fwaye EA a. Si ou pa dakò ak yon lajan yo mande pou ou remèt oswa ou pa panse plan pou remèt li a rezonab ou kapab konteste li nan Depatman Kontestasyon DHCD a nan yon kontestasyon administratif pou yon non-konfòmite oswa pou retire ou nan pwogram nan pou vyolasyon yon règ. Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè, kote ak kantite, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Kondisyon DHCD ak Kondisyon Randevou Ladan

Fwaye EA a dwe respekte tout kondisyon DHCD ki apwopriye, tankou sa yo ki nan plan relojman an (pa egzanp, ekonomize, chèche kay, chèche travay), oswa, si pa genyen yon plan relojman, kondisyon minimòm yon plan relojman ki nan 760 CMR 67.06(4)(b) apre yo di adilt ki fè pati Fwaye EA a pa bouch ak alekri kisa kondisyon sa yo ye ak kijan pou Fwaye EA a satisfè yo.

Yon Fwaye EA sipoze ale nan tout rankont anplwaye lojman an, anplwaye DHCD, ak ajans ki genyen kontra ak DHCD k ap bay patisipan EA sèvis sosyal. Yo dwe bay Fwaye EA a yon pre-avi ekri omwen de (2) jou avan rankont sa a amwenske li fè pati yon seri rankont ki fèt regilyèman epi yo bay yon sèl pre-avi, kote yon pre-avi de (2) jou pou premye rankont la ap ase. Pre-avi ekri a ap genyen yon nimewo telefòn ak faks kote patisipan EA a kapab kontakte moun k ap mande rankont la an ka te genyen yon ijans oswa lòt rezon ak bon kòz. Depi yon patisipan ki rele, voye tèks oswa faks pou manje chanje yon randevou omwen dezèdtan avan rankont la, epi yo te bay patisipan an nimewo telefòn travayè sosyal ki apwopriye a, yo pa sipoze twouve li vyole Règ sa a oswa vyole Règ ki pou koperasyon ak plan relojman. Si anplwaye a oswa ajans ki pwograme rankont la an reta plis pase 15 minit, yo p ap twouve patisipan an vyole Règ sa a oswa 760 CMR 67.06(5)(a)3 paske li pa te rete.

Yon fwaye EA sipoze rive nan lojman oswa otèl la yon lè rezonab jou yo plase Fwaye EA a. Si Fwaye EA a dakò pou DHCD mennen li, Fwaye EA a dwe la lè ak kote yo di y ap vin chèche li sòf pou bon kòz. Si Fwaye EA a mande pou rive kote yo plase li a ak pwòp transpòtasyon li, yo sipoze rive avan 8è diswa nan lojman pou plizyè moun oswa otèl la san otorizasyon nan Direktè Adjwen Rejyonal la oswa

reprezantan li, epi yo dwe rive avan 5è nan apremidi nan biwo ajans lojman an pou yon sit ki epapiye si yo bay li plasman an avan 2è nan apremidi, amwenske lojman an bay yon diferan lè swa kote oswa pou rezo bon kòz. Si Fwaye EA a pa rive nan lojman oswa otèl la atan san yon bon kòz oswa otorizasyon, yo kapab anile chanm nan. Avi sou plasman an dwe genyen yon bon nimewo pou kontakte nan lojman oswa otèl la oswa nan DHCD pou yon Fwaye kapab kontakte pou fè konnen si yo bezwen rive pita pou rezon ak bon kòz.

Fwaye EA yo mete nan otèl yo sipoze rele otèl la oswa prezante yo nan resepsyon an avan a 1è nan apremidi chak apremidi pou konnen si Fwaye EA a ap transfere nan yon lojman oswa pou kite yon nimewo telefòn nan otèl la kote yo kapab kontakte Fwaye EA a pou fè konnen si ap genyen nenpòt transfè.

Bon kòz pou non-konfòmite ak Règ sa a ap detèmine selon estanda bon kòz nan 760 CMR 67.06(6)(a)5. Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè ak kote, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Deranje Lapè

Moun ki fè pati fwaye EA yo pa dwe genyen yon konpòtman ki pa rezonab epi ki deranje lapè lòt patisipan EA, lòt rezidan nan sit batiman apatman epapiye, oswa lòt kliyan otèl anpil san yon bon kòz jan li detèmine nan 760 CMR 67.06 (6) (a) 5. Konpòtman nou konsidere ki pa rezonab dwe genyen ladan aktivite moun fè regilyèman, tankou ri, kriye, pale, koute televizyon, radyo, oswa mizik, pale nan telefòn, timoun k ap jwe, oswa fè lesiv yon lè ki pa rezonab (si li pa afiche), amwenske moun nan kontinye ak konpòtman ki pa rezonab la anpil menm si yo anonse moun nan konpòtman li ap deranje yon lòt Fwaye EA, rezidan, oswa kliyan. Yon gwo deranjman lapè pa genyen bwi nòmal lè anpil moun rete ansanm. Nou dwe konsidere kantite espas ki genyen kote oswa tou pre kote yo plase yo a pou detèmine si nou kapab trete konpòtman yon timoun kòm yon deranjman lapè.

Tès Pou Dwòg

Tès pou dwòg, ak tèt pipi ak san ak tès alkòl nan bouch, pa dwe fèt owaza oswa an jeneral; men Fwaye EA a dwe respekte nenpòt demann nenpòt anplwaye pou fèt yon tès dwòg apre anplwaye a te genyen yon bon rezon pou sispèk yon moun ki fè pati fwaye EA a ap itilize pwodwi ki kontwole tankou dwòg. Se lojman an k ap peye pou nenpòt tès konsa ki fèt.

Sekirite Dife ak Fimen

Nou entèdi moun fimen anndan nenpòt chanm oswa batiman lojman.

Nou entèdi moun retire aparèy pou detekte lafimen oswa monoksid kabòn, oswa batri ki anndan yo.

Lojman yo dwe chwazi yon espas ki louvri deyò kote moun kapab fimen epi di rezidan yo sa. Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a sou kote pou fimen an ki tou piti (minè), jan li

detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou kote a, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Tout moun ki fè pati Fwaye EA yo dwe rete nan espas yo abite yo san danje dife. Apa fimen nan espas deyò ki chwazi yo, nou entèdi moun itilize okenn flanm oswa materyèl ki ka pran dife, tankou briki, alimèt, bouji, ansan, fe atifis, gaz, oswa bagay pou griye ak chabon nenpòt kote nan pwopriyete lojman an, sòf si yo ta genyen konsantman anplwaye lojman an espesyalman pou sa (pa egzanp, bouji pandan fèt anivèsè, aparèy lojman an pou griye deyò, limen fou lè yo pa mache.)

Nan lojman yo, nou kapab itilize plak chofe ak lòt aparèy pou fè manje sèlman nan kizin oswa kote lojman an bay pou fè manje ak pèmisyon lojman an. Nan otèl yo, nou entèdi moun itilize plak chofe oswa lòt aparèy pou fè manje amwenske se otèl la ki bay yo. Y ap sezi plak cho ak lòt aparèy pou fè manje ki pa respekte Règ sa a, men y ap itilize sa pou disiplin sèlman si genyen prèv yo te itilize aparèy la nan otèl la.

Langaj Ki Nwi Oswa Menase Moun

Okenn manm yon Fwaye EA gendwa (1) joure oswa (2) itilize yon langaj ki menase lòt rezidan oswa vizitè, ajans ki ofri sèvis, oswa anplwaye DHCD, otèl, oswa lojman. Nou kapab jwenn yon bon kòz pou vyolasyon Règ sa a se yon Fwaye EA ap reponn ak yon pwovokasyon yon anplwaye lojman oswa otèl.

Aktivite Ilegal

Nou entèdi nenpòt aktivite ki ilegal sou lwa lokal, eta, oswa federal sou pwopriyete lojman an oswa tou pre li.

Zafè Legal

Yo kapab akize yon moun ki fè pati yon Fwaye EA pou vyolasyon yon règ si moun nan genyen yon manda li pa rezoud oswa pou yo arete li kit se nan Commonwealth oswa lòt kote epi DHCD te aprann moun nan sa, epi li oblije rezoud li kòm yon kondisyon pou plan relojman an, epi li pa te rezoud li nan 30 jou apre yo te avize li.

Rezolisyon zafè legal dwe fè pati plan relojman an. Pou sipòte egzijans sa a, Fwaye EA a dwe bay anplwaye lojman ak anplwaye DHCD enfòmasyon sou manda, entèdiksyon domisil — kote moun nan swa moun yo akize oswa moun k ap pote plent la — ak nenpòt lòt lòd tribinal oswa zafè legal tankou kondisyon pou pa rete nan prizon, obligasyon pou peye sipò timoun, oswa pou prezante nan tribinal. Yon moun ki fè pati yon Fwaye EA dwe konsidere li genyen yon bon kòz pou pa rezoud yon manda li pa rezoud si li ay yon lèt ak pape antèt yon avoka, epi avoka a siyen li ansanm ak nimewo Konsèy Sipèvizè avoka a, ki di se opinyon pwofesyonèl avoka a moun nan Fwaye EA a pa te kapab rezoud manda a.

Dòmi Deyò

Fwaye EA yo sipoze rete nan lojman pou sanzabri oswa otèl la chak swa amwenske yo genyen

otorizasyon pou dòmi deyò oswa genyen yon rezon ak bon kòz. Fwaye EA yo kapab pase yon **total** kat nwit (dòmi deyò) otorize deyò yon lojman pou sanzabri oswa otèl pa mwa, kòm yon fwaye antye. Chak moun nan fwaye a kapab pase nwit deyò kote yo rete a tou jan li detaye pi ba a.

Nan yon lojman anpil moun rete ansanm oswa sit ki epapiye, demann yon Fwaye EA pou pase yon nwit deyò yon lojman pou sanzabri, kit se pou tout fwaye a oswa yon sèl manm fwaye a, dwe fè ak anplwaye lojman pou sanzabri a. Nan yon otèl, yon demann yon Fwaye EA pou pase yon nwit deyò dwe fè bay reprezantan Direktè Adjwen an ak anplwaye otèl la sou yon fòm estanda DHCD. Anplwaye otèl la dwe voye demann lan byen vit bay reprezantan an epi bay fwaye EA a konfimasyon li te voye li. Patisipan yo kapab jwenn enfòmasyon sou kiyès ki reprezantan Direktè Adjwen an ak jan pou kontakte li nan resepsyon chak otèl. Si yon Fwaye EA nan yon otèl ki pa pran plis pase 4 jou dòmi deyò pa mwa apre li te mande otorizasyon omwen de (2) jou avan, oswa pita pou bon koze lè li bezwen dòmi deyò pita, yo pa gendwa twouve li vyole règ sa a amwenske reprezantan Direktè Adjwen an te voye avi bay fwaye a pou di yo avan yo te pran nwit yo te mande yo a te refize.

Demann pou dòmi kote Fwaye EA a vin genyen bezwen pandan li pa nan otèl oswa lojman an kapab fèt lè yo rele anplwaye lojman oswa otèl la epi bay yon eksplikasyon ekri touswit apre yo rive pou eksplike poukisa yo pa te kapab fè demann nan avan. Nan ka sa yo, anplwaye otèl la ap voye yon demann byen vit bay anplwaye DHCD ki apwopriye a nan on Fwaye EA a.

Yon demann pou dòmi deyò dwe fè omwen de (2) jou travay avan dat yo mande pou dòmi deyò a. Si ou fè yon demann men yo pa reponn nan 2 jou travay ou mèt konsidere li otorize. Yon demann pou dòmi deyò ak rezon ak bon kòz ak yon pre-avi nan pi piti pase de (2) jou travay dwe genyen rezon demann pou dòmi deyò a pa te fèt omwen de (2) jou avan epi yo kapab refize defann nan de (2) jou travay apre demann nan te fèt la. Nou gendwa refize bay pèmision pou dòmi deyò san otorizasyon davans kote nou okouran moun nan ap dòmi deyò. Lè n ap konsidere demann pou dòmi deyò, apre nou fin revize ka yo, nou p ap refize bay pèmision san nou ba bay bon rezon an. Nou dwe prezime yo kapab otorize pou jiska kat nwit pa mwa jan Règ sa yo pèmèt la. Nan nenpòt kontestasyon pou yon non-konfòmite oswa retire yon patisipan nan pwogram nan paske fwaye a te dòmi deyò san otorizasyon, si DHCD pa otorize demann pou dòmi deyò a yo kapab revize sa pou rezon ki nan M.G.L. c. 30A, § 14 (7), ki gen ladan abi diskresyon ak plis toujou.

Nou entèdi pou yon moun ki fè pati yon Fwaye EA pa nan yon lojman pou sanzabri oswa otèl pou plis pase 2 nwit youn apre lòt, amwenske li te genyen otorizasyon DHCD ou yon bon rezon (pa egzanp, timoun ki nan kandete, akò ak lòt paran timoun, li entène lopital) oswa pou bon kòz jan li detèmine nan 760 CMR 67.06(6)(a)5. Nan yon lojman, yon demann konsa dwe fèt bay reprezantan Direktè Adjwen an ak anplwaye lojman an sou yon fòm estanda DHCD. Nan yon otèl, yon demann konsa dwe fèt swa dirèkteman bay reprezantan Direktè Adjwen an oswa ak anplwaye lojman an sou yon fòm estanda DHCD. Si ou fè yon demann ekri pou otorizasyon men yo pa reponn nan 2 jou travay ou mèt konsidere li otorize. Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè ak kote, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Nan nenpòt kontestasyon pou yon non-konfòmite oswa retire yon patisipan nan pwogram nan paske li te dòmi deyò san otorizasyon, si DHCD pa otorize demann pou dòmi deyò a yo kapab revize sa pou rezon

ki nan M.G.L. c. 30A, § 14 (7), ki gen ladan abi diskresyon ak plis toujou.

Lojman kote anpil moun rete ansanm ak sit ki epapiye yo kapab pa bay pèmision pou dòmi lanwit si Fwaye EA pa te respekte règ ak kondisyon pwogram nan.

Demann tout yon fwaye pou pase senk oswa plis nwit youn apre lòt dwe fèt sou yon Fòm TESI-1.

Nou dwe voye tout demann bay DHCD pou pase plis nwit deyò selon règ sa a dirèkteman bay reprezantan Direktè Adjwen an. Anplwaye otèl yo dwe ede fanmi yo voye demann sa yo bay reprezantan Direktè Adjwen an epi enfòmasyon pou kontakte reprezantan Direktè Adjwen an dwe disponib nan resepsyon chak otèl.

Si yon moun ta pase yon nwit deyò san otorizasyon li p ap konsidere yon vyolasyon yon règ, non-konfòmite oswa rezon pou retire li nan pwogram nan si te genyen yon bon rezon pou absans la selon estanda bon kòz la nan 760 CMR 67. 06(6)(a)5. Nan konsiderasyon rezon pou bon kòz yon patisipan bay pou dòmi deyò san otorizasyon, DHCD ap konsidere tout sikonstans, tankou efò dokimante ki montre li te eseye jwenn yon otorizasyon pou dòmi deyò, ak kantite fwa li dòmi deyò pandan yon peryòd tan apwopriye.

Yo p ap fèmen yon fanmi deyò yon otèl oswa lojman pou abandon amwenske tout fanmi a absan pou omwen 48 èdtan epi de nwit youn apre lòt epi yo pa te rele otèl oswa lojman an oswa reprezantan Direktè Adjwen an avan delè pou rantre a nan jou apre absans la te kòmanse pou eksplike yon rezon ak bon kòz yo absan plis pase de nwit youn apre lòt. Depatman an kapab mande yon verifikasyon nenpòt rezon ak bon kòz ou bay ap bay yon avi pou retire w nan pwogram nan si ou pa bay verifikasyon an atan. Nan nenpòt ka yon chanm pa disponib pou yon Fwaye EA ankò paske li te dòmi deyò san otorizasyon, si patisipan an retounen nan plasman an, direksyon lojman ak otèl la ap fè patisipan an konnen posiblite pou jwenn yon nouvo plase pandan y ap tann kontestasyon administratif selon 760 CMR 67.09 (2) (b) 3. y ap kapab fè si tou ale nan yon biwo DHCD lè biwo a louvri. Nan ka sa yo, direksyon lojman oswa otèl la dwe kontakte DHCD pou bay dat ak lè patisipan an te retounen.

Pwopriyete Pèsonèl ak Pwòpte Chanm

Yon Fwaye EA pa gendwa pote yon kantite pwopriyete pèsonèl ki egal a de gwo sachè poubèl (30 galon) plen pou chak moun nan lojman an, ansanm ak sit epapiye ak otèl ladan. Fwaye ki rive ak plis pase kantite pwopriyete pèsonèl ki pèmèt la, jiska youn oswa plis gwo sachè poubèl (30 galon) pou chak moun, epi ki pa genyen yon kote pou mete rès bagay yo tou swit ap jwenn konsèy sou kote yo kapab mete bagay yo epi y ap bay yo sèt jou, oswa pou bon kòz jan li detèmine nan 760 CMR 67. 06(6)(a)5 epi lè yo resevwa pèmision ekri nan mwen reprezantan Direktè Adjwen an, y ap bay plis tan rezonab (apre yo fin konsidere sikonstans yo) pou retire bagay an plis yo. Si yon otèl oswa lojman pa bay ase kote pou mete kantite pwopriyete pèsonèl ki pèmèt yo, Fwaye a kapab bay pwòp depi pa li apre li resevwa otorizasyon reprezantan Direktè Adjwen an. Lè yo mete nenpòt bagay pèsonèl nan depi, tankou depo bagay ki twòp pandan premye sèt jou nan lojman an, yo dwe respekte tout kòd Asenisman ak Dife nan nivo lokal ak federal. Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou kantite pa volim, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Patisipan yo sipoze kenbe chanm yo pwòp epi an òd, men yo p ap akize yon Fwaye EA pou vyolasyon Règ sa a si yo pa fè enspeksyon sa a selon Règ Sou Aksè a oswa si Fwaye a te genyen yon bon kòz nan jou enspeksyon an jan li detèmine nan 760 CMR 67.06(6)(a)5, oswa si yon fanmi malad, oswa ap prepare pou al fè lesiv, oswa ap ranje bagay li.

Fwaye EA a responsab pou retire tout zafè li lè l ap kite yon lojman.

Fwaye EA k ap transfere oswa kite yon chanm lojman oswa otèl dwe kite lojman oswa otèl la, omaksmòm, detwa ti bagay pèsònèl ki enpòtan, byen ranje, epi yo kapab mete nan yon ti espas deyò a pandan y ap tann pou Fwaye EA a retounen pou mennen bagay yo kote yo pral rete a.

Aprè yon Fwaye EA kite chanm nan, nenpòt bagay li pa retire nan sit anpil moun rete oswa sit epaye, y ap mete yo nan on sachè pandan 48 èdtan avan yo fè kado oswa jete yo. Lojman ak otèl yo kapab kenbe bagay yo pou plis pase 48 èdtan si yo jije sa nesèsè oswa si yo te dakò sa ak Fwaye EA a.

Bèt

Nou entèdi tout bèt domestik oswa lòt kalite bèt sou pwopriyete lojman an nenpòt moman, sòf pou bèt pou moun avèg ki dokimante oswa lòt kalite bèt ki otorize selon Lwa Ameriken Andikap a. Entèdiksyon sa a genyen swen tanporè ak/ou bèt k ap vizite. Yo p ap akize yon fanmi te vyole yon règ amwenske epi jiskaske yo te fè yon demann apwopriye sou si yon bèt se yon bèt ki otorize kòm yon akomodasyon pou andikap. Kote yon bèt pa otorize pou yon akomodasyon, DHCD ap bay yon lis òganizasyon sekou bèt lokal ak lojman yo “pa tiye bèt” kote yon fanmi kapab mete bèt la pandan li nan lojman pou sanzabri oswa plase bèt la pou adopsyon.

Medikaman Sou Preskripsyon

Fwaye EA a responsab pou kenbe ak pran medikaman sou preskripsyon, selon bon kòz jan li detèmine an estanda bon kòz la nan 760 CMR 67.06(6)(a)5.

Si genyen yon bon kòfrefò nan chanm Fwaye EA a nan yon otèl pou mete medikaman sou preskripsyon an, Fwaye EA a kapab mete medikaman an nan kòfrefò a. Si pa genyen yon kòfrefò nan chanm Fwaye EA a, adilt ki fè pati fwaye a kapab fè tout sa li kapab pou asire li timoun p ap ka jwenn medikaman sou preskripsyon an. Nan lojman yo, si pa genyen yon kòfrefò oswa yon bon kote pou mete li, lwen timoun, epi lwen likid netwayaj ak pwazon, Fwaye EA a kapab mande anlwaye lojman ak sit anpil moun rete ansanm ak sit ki epapiye yo ede li mete medikaman an yon bon kote ki sekirize.

Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè oswa kote, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Agresyon Seksyèl

Nou entèdi yo agrese seksyèlman nenpòt moun ki sou pwopriyete lojman an, tankou lòt rezidan, vizitè, ajans k ap ofri sèvis, oswa anlwaye lojman.

Abi Sibstans (Dwòg/Alkòl)

Nou entèdi moun itilize oswa genyen nan men yo nenpòt alkòl oswa sibstans ki kontwole tankou dwòg sou pwopriyete lojman an.

Nou entèdi moun abize ak itilize alkòl ak sibstans ki kontwole tankou dwòg deyò pwogram nan, nan limit li kapab fè moun nan aji yon fason ki deranje plan relojman moun ki nan Fwaye EA a, menase sante ak sekirite nenpòt moun sou pwopriyete lojman an, oswa deranje jesyon lojman an.

Nou ap konsidere yon moun ki abize medikaman sou preskripsyon menm jan ak abi sibstans.

Konpòtman Vyolan, Abi, oswa Neglijans Timoun

Nou entèdi konpòtman ki poze yon menas pou sante sekirite tèt ou, manm Fwaye EA a, lòt rezidan, vizitè, ajans k ap ofri sèvis, oswa anplwaye DHCD, otèl, oswa lojman. Sa genyen ladan bay moun kou ak fè kadejak sou moun, menas, oswa kraponnay.

Nou p ap tolere okenn kalite abi oswa bay timoun kou sou pwopriyete lojman an. Anplwaye lojman an, anplwaye DCHD ak lòt ajans k ap ofri sèvis dwe fè rapò sou tout ensidan y ap abize ak neglije timoun bay Depatman Timoun ak Fanm.

Vizitè

Nan Lojman:

Fwaye EA a kapab rankontre ak vizitè, pou yon kantite tan ki rezonab ak limite, nan espas kote lojman an jije apwopriye, (pa egzanp kote yon moun t ap rankontre ak yon ajans ki ofri sèvis). Lojman yo kapab detèmine lè ki apwopriye pou genyen vizitè.

Fwaye EA a responsab pou konpòtman vizitè li, se sa ki fè li ap responsab si vizitè li a (yo) ta vyole nenpòt règ oswa kondisyon pwogram EA oswa lojman an. Okenn vizitè gendwa pou pase nwit nan lojman an, sòf pou sa ki nan Règ sa a. Si genyen plas nan yon chanm lojman, anplwaye lojman an, ak otorizasyon DHCD, kapab dakò pou timoun rezidans prensipal yo pa nan Fwaye EA a dòmi nan otèl la, depi yo montre yon aranjman ant paran yo, yon kontra oswa demann DCF, oswa yon lòt tribinal pou yon adilt ki fè pati fwaye a.

Nou dwe voye tout demann bay DHCD pou yon vizitè pase lanwit nan yon lojman dirèkteman bay reprezantan Direktè Adjwen an.

Fwaye EA a dwe bay non vizitè a omwen 24 èdtan avan amwenske lojman an jije mwens tan ap apwopriye, oswa an ka ta genyen yon ijans.

Vizitè adilt yo dwe kite yon pyès idantite ki genyen foto yo lè y ap antre ak kite lojman an. Vizitè nan sit chanm ki epapiye yo pa bezwen bay yon pyès idantite amwenske anplwaye lojman sou pwopriyete a; men Fwaye EA a dwe toujou enskri tout vizitè bay anplwaye lojman an.

Lojman yo kapab pa bay pèmasyon pou vizite si Fwaye EA pa te respekte règ ak kondisyon pwogram nan.

Nan Otèl:

Nou pa dwe mennen okenn vizitè nan chanm otèl ki pou yon fwaye EA, amwenske se ajans sèvis oswa manm yon lòt Fwaye EA ki genyen otorizasyon jan Règ sa a pèmèt li. Vizitè yo kapab ale nan espas tout moun frekante nan otèl a la jan direksyon otèl la pèmèt sou menm kondisyon pou vizitè otèl ki pa EA yo menm si otèl genyen vizitè sa yo ou pa. Li p ap yon vyolasyon règ pou pa genyen vizitè a sèlman si se yon moun k ap ede yon fwaye EA livrez oswa retire yon bagay nan chanm fwa ye a san yo pa di anplwaye otèl la sa.

Yon fwaye EA ki nan yon otèl kapab al vizite yon fwaye EA ki nan menm otèl la pou yon kantite tan rezonab ki limite, depi pa genyen plis pase 6 patisipan EA nan chanm otèl la alafwa, sot pou ka kote fanmi an depase 6 moun. Lè gwosè yon fanmi depase 6 moun, fanmi ki depase 6 moun nan kapab nan chanm nan, men vizitè yo kapab nan chanm nan si genyen yon total 6 oswa pi piti nan chanm nan alafwa.

Sot pou lè se yon aranjman pou gade timoun, timoun ki poko genyen 16 kapab sèlman vizite lè yo akonpanye ak yon adilt ki fè pati fwaye yo oswa lè yon adilt ki fè pati fwaye yo sou pwopriyete a epi lòt fwaye EA a oswa timoun yo kapab jwenn li pa telefòn oswa l ap kapab tande vwa timoun nan si li rele. Si genyen plas nan yon chanm otèl, reprezantan Direktè Adjwen an kapab otorize timoun kay prensipal yo pa nan fwaye EA a dòmi nan otèl la, depi yo montre yon aranjman ant paran yo, yon kontra oswa demann DCF, oswa yon lòt tribinal pou yon adilt ki fè pati fwaye a.

Vizitè yo dwe respekte tout règ pwogram EA yo pandan y ap vizite Fwaye EA a.

Yon timoun ki 16 an oswa plis kapab vizite ak manm lòt fwaye EA ki nan menm otèl la nan espas tout moun frekante nan otèl la sa pa genyen yon paran ki akonpanye li si li te genyen pèmision pou okipe tèt li oswa si yon adilt ki fè pati fwaye a nan otèl la epi yo kapab kontakte li pa telefòn byen vit oswa li kapab tande vwa timoun nan si li rele l.

Yon adilt ki fè pati fwaye a ap toujou responsab pou pwoteje sante ak sekirite timoun nan (yo) ki nan fwaye yo epi yo dwe itilize bon jijman sou lè li bon pou kite pitit yo vizite lòt fwaye EA.

Nan otèl yo, reprezantan Direktè Adjwen an, apre li resevwa demann ekri yon anplwaye otèl voye ba li ak yon kopi bay fwaye EA a, kapab itilize jijman rezonab pou refize vizit bay Fwaye EA swa kòm vizitè oswa moun k ap resevwa, si li te vyole Règ yo avan. Nenpòt lè y ap refize vizit sa ta dwe fèt pou yon tan rezonab dapre kalite konpòtman moun nan te genyen, epi li dwe genyen yon deklarasyon ekri ak rezon refi a. Nou kapab konteste desizyon pou refize vizit la si nou pa panse li te rezonab nan yon kontestasyon administratif si yo ap mete yon non-konfòmite oswa retire nou nan pwogram nan pou vyolasyon Règ sa a.

Anplwaye otèl, ak anplwaye ajans ki genyen kontra ak DHCD ak lòt ajans eta k ap travay ak DHCD kapab koupe yon vizit si: (a) aktivite nan chanm moun y ap vizite a deranje lapè lòt kliyan oswa anplwaye otèl la; (b) aktivite nan chanm moun y ap vizite a se yon menas pou sante oswa sekirite moun y ap vizite a, vizitè a, manm nenpòt fwaye, lòt patisipan EA ki nan otèl la, lòt kliyan otèl la, anplwaye otèl la, anplwaye DHCD, oswa anplwaye ajans ki genyen kontra ak DHCD oswa lòt ajans eta k ap travay ak DHCD; oswa (c) genyen nenpòt enfraksyon règ EA nan chanm y ap vizite a. Vizitè yo dwe respekte Règ Sou Delè a; yo sipoze kite avan delè ki apwopriye a epi yo pa sipoze rive

avan 8è dimaten, sòf nan ka li genyen pèmision pou gade timoun oswa bon kòz selon estanda bon kòz nan 760 CMR 67.06(6)(a)5.

Bon Kòz:

Si ou resevwa vizitè ki pa otorize, ou kapab jistifye sa ak bon kòz jan li detèmine sou estanda bon kòz nan 760 CMR 67.06(6)(a)5. Nan konsiderasyon rezon pou bon kòz yon patisipan bay pou rive an reta pou yon delè, DHCD ap konsidere tout sikonstans, tankou efò dokimante ki montre li te eseye jwenn otorizasyon pou vizitè a, ak nenpòt bezwen pou vizitè a ede Fwaye EA a ak travay enpòtan yon moun ki fè pati Fwaye EA a pa ka fè poukont li. Amwenske yo plede fè sa, yon vyolasyon Règ sa a ki tou piti (minè), jan li detèmine dapre tout sikonstans ki gen rapò ak li, tankou lè ak kote, p ap konte sou yon non-konfòmite oswa pou retire moun nan pwogram nan.

Zam

Nou entèdi pou genyen oswa kenbe nenpòt kalite zam sou pwopriyete lojman an.

Enpòtan:

Règ Kay:

Pa genyen anyen nan Règ Pou Tout Moun nan ki entèdi lojman oswa otèl yo adopte Règ Kay konsènan aktivite chak jou an lojman an, tankou tou pa moun pou netwaye, moun ki pou fè manje, nivo bri, lè pou gade televizyon, jan pou abiye, lè pou fè lesiv, oswa kondisyon pou pake machin, depi Règ Kay yo pa nan kontradiksyon ak Règ Pou Tout Moun yo, lwa oswa règ EA, oswa lòt kondisyon legal. Men, yo pa dwe trete enfraksyon Règ Kay swa yon lojman oswa otèl kòm vyolasyon ki te lakòz yon non-konfòmite posib pou twouve oswa koupe avantaj EA selon 760 CMR 67.06(5)(a)4. Si yon moun ta vole Règ Kay yo, sa kapab lakòz yo transfere li, bay li yon avètisman entèn, oswa li kapab pèdi privilèj kay li, tankou lè pou gade televizyon, epi si li kontinye vyole règ la sa kapab lakòz yon chanjman nan Plan Relojman Fwaye EA pou egzije li respekte sèten Règ Kay. DHCD gendwa revize ak otorize Règ Kay yo nenpòt kilè.

Vyolasyon Règ Pa Konte Pou Disiplin:

Jan nou te dekri ak plis detay nan 760 CMR 67.05 (e), si yo akize yon moun pou vyolasyon règ, oswa yo akize li pa te respekte oswa kolabore nan devlopman kondisyon pou yon plan relojman, y ap bezwen anile li apre sis (6) mwa apre dat bagay la te rive si, an yon peryòd sis (6) mwa, yo akize moun nan pou non-konfòmite oswa yo retire li nan pwogram nan pou lòt vyolasyon nenpòt Règ oswa kondisyon plan relojman epi li pa gen okenn konpòtman ki yon menas pou sante oswa sekirite oswa li te gen yon konpòtman ki lakòz yo retire li nan pwogram nan touswit epi li resevwa yon avi non-konfòmite oswa pou retire li nan pwogram nan. Nou pa dwe mete règ Ofisye Jijman DHCD a twouve yo pa te vyole sou kontestasyon kòm vyolasyon nan avi sou non-konfòmite ak pou retire moun nan pwogram nan apre epi li pa dwe genyen peryòd sis mwa nou mansyone pi wo a.

Jan Pou Itilize Fòm yo:

Kowòdonatè pou sanzabri yo dwe bay Fwaye EA yo yon kopi Règ Pwogram Lojman Pou Tout Moun nan pou ale lakay yo lè yo otorize Fwaye EA a pou plasman. Lojman yo dwe itilize Fòm

USR-1, Enfraksyon Règ Lojman Pou Tout Moun, pou fè rapò sou enfraksyon Règ Lojman Pou Tout Moun. Otèl yo dwe itilize Fòm HM-IR1, pou fè rapò sou enfraksyon Règ Lojman Pou Tout Moun. Kantite enfraksyon sou fòm yo se sèlman pou gide epi yo pa detèmine kantite enfraksyon règ an reyalyte. Lè yon grenn ensidan genyen vyolasyon plizyè règ, anplwaye lojman ak otèl la dwe itilize yon fòm pou fè rapò sou ensidan an epi tcheke tout enfraksyon rèk ki posib sou fòm USR-1, nan yon lojman, ak HM-IR-1 nan yon otèl.

Dispozisyon Jeneral:

1. Kopi Règ sa yo, Fòm ak Règ Jeneral Pou Gade Timoun EA, TESI-1, fòm Demann Pou Akomodasyon Rezonab ADA, ak Fòm Demann Pou Dòmi Deyò dwe disponib nan resepsyon otèl yo ak nan biwo direksyon nan lojman yo an angle epi tradwi nan lang lalwa egzije yo. Resepsyon otèl ak biwo direksyon lojman yo dwe genyen enfòmasyon sou ki moun pou bay Fòm Pou Moun Gade Timoun ak Pou Mande Dòmi Deyò ak lòt demann, jan pou kontakte moun sa a, ak jan pou mande sitiyoasyon yon demann. Otèl yo dwe ofri patisipan EA yo sèvis ou voye faks gratis pou kominike ak DHCD, lòt ajans eta, ajans sèvis sosyal ak pwofesyonèl medikal, ak sèvis legal.
2. Si otèl oswa lojman an pa kenbe epi pa bay patisipan yo yon kopi Règ ak fòm sa yo nan lang lalwa egzije, yon patisipan kapab itilize sa kòm defans pou yon vyolasyon règ si li pa te resevwa yon kopi Règ yo nan lang lalwa egzije lè li antre nan pwogram EA oswa jwenn yon tradiksyon kote yo mete li avan te komèt vyolasyon yo akize li a.
3. Si yon patisipan montre manm yon fwaye EA te aji oswa pa te aji yo fason patisipan an pa te ka kontwòle ki vin yon vyolasyon règ sa yo oswa règ EA, yo kapab pa sanksyone li, depi patisipan an:
 - a. kouri retire manm sa a pou li pa fè pati fwaye a; epi
 - b. patisipan an ak nenpòt lòt manm fwaye a chanje plan relojman yo pou yo oblije pran etap rezonab pou evite ansyen manm fwaye a retounen nan nenpòt lojman oswa otèl kote yo plase fanmi EA, ki kapab genyen ladan, nesosite pou anpeche li retounen, bay li yon lòd prevansyon abi pou li oswa nan non li epi mete li an aplikasyon selon M.G.L. c. 209A oswa kolabore nan efò direksyon lojman oswa otèl la pou bay yon avi pou manm fwaye sa a “pa antre” nan pwopriyete a epi mete li an aplikasyon selon M.G.L. c. 266, § 120 oswa yon lòd kont agresyon selon M.G.L. c. 258E.
4. Tèm “bon kòz” la, jan nou itilize li nan règ sayo, vle di bon kòz jan li detèmine nan 760 CMR 67.06(6)(a)5 amwenske genyen lòt rezon pou bon kòz ki deklare espesyalman pou sa.
5. DHCD ap bay asistans ak lang jan lalwa egzije pou tout kominikasyon ak aplikan avèk patisipan EA. Nenpòt angle yo tradwi dwe di si ta genyen yon konfli ant vèsyon lang angle yon dokiman ak tradiksyon an, vèsyon angle dwe kontwòle, depi fwaye EA a p ap responsab pou yon bagay li te fè paske tradiksyon an p a te bon.
6. Ajans lojman DHCD ak EA, ak otèl ladan, genyen pwoteksyon sou Lwa Ameriken Andikape (ADA) ak lwa ki gen rapò ak li pou anpeche diskriminasyon kont sèten akomodasyon oswa modifikasyon rezonab pou moun andikape ki kalifye. Si ou genyen difikilte pou swiv nenpòt nan

Règ sa yo paske ou genyen yon andikap, ou kapab mande yon akomodasyon oswa modifikasyon rezonab. Pou fè sa ranpli yon fòm demann Akomodasyon Rezonab DHCD ADA epi voye li ansanm ak dokiman medikal sipò bay DHCD.